



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo nominasyon nan administrasyon an.

"Mwen fyè pou m akeyi fonksyonè piblik eksepsyonèl sa yo nan administrasyon mwen an - yon gwoup moun ki gen talan, trè kalifye ak reflekte divèsite sa ki fè Eta New York solid", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen konfyan ke moun sa yo pral gen yon enpak ekstraòdinè sou travay nou pou fè New York vin yon kote ki pi abòdab, pi fasil pou viv ak pi an sekirite".

Yo te nonmen **Maria Fernandez** kòm **Sekretè Adjwen pou Edikasyon.** Tou dènyèman, Maria te sèvi kòm yon Konsiltan Konsèy Konsiltatif pou Employment Practices Solutions epi li se yon pwofesè adjwen nan Pwogram Konfòmite Fordham Law School in their L.L.M. Anvan wòl sa a, li te Vis Prezidan, Chèf Etik ak Konfòmite pou Direct Energy. Maria te travay tou nan International Business Machines (IBM) pandan 20+ ane nan plizyè pòs direksyon nan domèn jiridik ak konfòmite. Maria te resevwa yon lisans nan Sikoloji nan Lehman College, City University of New York, ak doktora an dwa nan Cornell Law School. Yo aksepte li nan bawo Eta New York ak California epitou nan Tribinal Siprèm Etazini.

Yo te nonmen **Bonnie Lockwood** kòm **Direktè Rejyonal Lwès New York.** Bonnie retounen nan fonksyon piblik la apre de ane retrèt, apre li te fin sèvi tou dènyèman kòm Direktè Pwojè Espesyal pou Reprezantan Brian Higgins. Anvan li te rejwenn pèsònèl Reprezantan an, Bonnie te sèvi nan plizyè fonksyon nan Vil Buffalo, tankou Manm Konsèy Distri Sid la, Kowòdonatè Finansman Federal/Eta pou Planifikasyon Estratejik epi Espesyalis Lojman ak Katye nan Biwo Devlopman Kominotè. Bonnie te travay tou pou sipòte kominote li a nan sèvi kòm manm konsèy pou Buffalo Science Museum ak Goodwill Industries ansanm ak manm nan Gerard Place, Homeless Alliance of Lwès New York ak South Buffalo Community Table Get Together. Bonnie te gen yon lisans nan Medaille College ak yon Diplòm Asosye (de ane) nan Syans Aplike nan Trocaire College.

Yo te nonmen **Albert Pulido** kòm **Sekretè Adjwen pou Finans ak Teknoloji.** Anvan sa, Albert te sèvi kòm Direktè Operasyon Tout Vil la pou Biwo Majistra Vil New York la, kote li te responsab pou sipèvizè pòtfey teknoloji Vil la, ansanm ak sipèvizè pewòl vil la, jesyon dosye, akizisyon, ak operasyon byen imobilye. Li te sipèvizè aplikasyon anpil

inisyativ ki te vize modènize enfrastrikti teknik Vil la ak elaji aksè nan entènèt gwo vitès. Albert gen yon diplòm lisans nan lang angle nan Cornell University ak yon metriz nan Redaksyon Fiksyon nan Atelye Ekriyen Iowa nan University of Iowa. Li se yon Pewouvye-Ameriken premye jenerasyon ak yon papa fyè de ti gason.

Yo te nonmen **Elizabeth Rule** kòm **Sekretè Adjwen pou First Nations**. Elizabeth se yon sitwayen ki enskri nan Chickasaw Nation ak yon Pwofesè Asistan ki espesyalize nan Etid Ameriken Natif Natal nan American University Anvan li te rantre nan American University, Elizabeth te dirije Sant pou Politik ak Règleman Endijèn George Washington University. Li te resevwa lisans li nan Yale University, epi metriz ak doktora li nan Brown University.

Yo te nonmen **Angel Vazquez** kòm **Sekretè Asistan pou Afè Entègouvènmantal**. Tou dènyèman, Angel te sèvi kòm Direktè Politik Adjwen ak Konseye Règleman Prensipal nan United Federation of Teachers. Anvan wòl sa a, li te sèvi kòm Chèf Kabinè pou Senatè Eta New York Marisol Alcantara epi kòm yon Analis Politik Edikasyon pou Konferans Majorite Sena Eta New York la. Angel gen yon lisans nan Relasyon Endistriyèl ak Travay nan Cornell University ak yon metriz nan Administrasyon Piblik nan Lekòl Afè Entènasyonal ak Piblik nan Columbia University.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)